



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU KALITÈ LÈ NAN TOUT ETA A POU VANDREDI 16 JEN

Gouvènè Hochul ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) kontinye ap siveye kalite lè a pou detekte enpak ensandi nan forè Kanada yo, ansanm ak ozòn ak lòt polyan.

"Pandan n ap kontinye siveye kalite lè a epi gad forè vanyan nou yo ap ede pou etenn dife nan Quebec, lafimen ki soti nan forè Kanada yo ta dwe afekte kalite lè a nan eta a demen", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nivo yo ta dwe pi ba pase sa nou te wè semèn pase a, men mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete vijilan. Si w nan yon gwoup vilnerab, siveye dènye enfòmasyon yo epi pran mezi pou w pwoteje tèt ou".

Previzyon yo nan tout eta a pou demen, vandredi 16 jen, montre lafimen k ap soti nan forè Kanada yo ta dwe vizib byen wo nan atmosfè a avèk nivo modere polisyon patikil fen yo nan nivo tè a. Dapre Endis sou Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal Ameriken an, nivo modere ke yo prevwa yo vreman pi ba pase nivo Nouyòkè yo te obsève semèn pase a epi pi ba pase limit pou soti avi sante sou kalite lè.

Nivo modere yo se lè Endis sou Kalite Lè a ant 51-100, sa ki vle di kalite lè a akseptab, epi gen preyokipasyon sante modere posib pou yon ti kras kantite moun ki patikilyèman sansib a polisyon lè. Yo soti avi sante sou kalite lè yo lè meteyològ yo fè previzyon sou nivo polisyon, swa ozòn oswa ti patikil, yo prevwa ki ta dwe depase yon AQI (Endis Kalite Lè) ki gen valè 100. Si AQI a depase 100, nou rekòmande pou w revize prekosyon yo [isit la](#) jan sa nesesè.

Gen plis enfòmasyon sou previzyon Kalite Lè Eta New York la ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)